

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa pakakas manusa pikeun ngébréhkeun pikiran jeung ngedalkeun rasa. Basa Sunda minangka salahiji basa daérah di Indonésia anu masih kénéh digunakeun, dijaga, tur dimekarkeun ku masarakat Sunda.

Nurjanah (2009, kc. 1) ngébréhkeun kaparigelan basa dibagi jadi opat nyaéta kaparigelan ngaregepkeun (*listening skill*), kaparigelan nyarita (*speaking skill*), kaparigelan maca (*reading skill*), jeung kaparigelan nulis (*writing skill*). Kaparigelan nulis kaasup kana kaparigelan panghéséna ku sabab kamampuh pamungkas anu kudu dikawasa ku siswa. Nulis ogé bisa disebut hésé ku sabab kudu ngawasa heula unsur kabaasaan séjénna pikeun jadi eusi karangan.

Sudaryat (2009, kc. 99) ngébréhkeun yén nulis atawa ngarang mangrupa kamampuh makéna basa dina wangun tinulis pikeun nepikeun gagasan, eusi, pikiran, kahayang, kereteg haté atawa informasi.

Dumasar kana hasil obsérvasi 30 Nopember 2013 nalika PPL, siswa loba nu tacan bisa nulis biografi singget ku sabab aya sababaraha bangbaluh, siswa kurang paham kana naon ari biografi singget jeung kumaha cara nulis biografi singget. Bangbaluh séjén nyaéta tacan bisa nempatkeun éjahan, kalimah jeung diksi anu merenah. Disagédéngeun masalah pangaweruh nyaéta masalah motivasi diajar.

Nulis ngawengku sababaraha kompetensi dasar, salahijina kompetensi dasar nulis biografi singget. Ieu hal aya dina pedoman Standar Kompetensi Dan Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Bahasa Dan Sastra Sunda, nyaéta pangajaran nulis biografi singget di tingkat SMP kelas VII.

Biografi asalna ti basa Yunani, nyaéta *bios* anu hartina hirup, jeung *graphien* anu hartina tulis. Kalayan kecap séjén biografi mangrupa tulisan ngeunaan kahirupan hiji jalma. Nurutkeun Ernest (dina Nurbudi, 2013, kc. 20) biografi nyaéta riwayat hirup anu kawilang lengkep, ngeunaan kahirupan hiji jalma anu

nyaritakeun ngeunaan pangalaman, kagiatan, pasipatan, témpraménna jeung lingkungan, anu ditulis ku batur. Biografi bisa ngawangun sababaraha jajar kalimah, tapi ogé bisa leuwih ti hiji buku. Bédana nyaéta, biografi singget ngan ngadadarkeun ngeunaan fakta-fakta ti kahirupan hiji jalma sarta peran pentingna tapi, biografi anu panjang ngawengku, informasi-informasi penting anu dicaritakeun kalayan leuwih jero sarta kalawan dituliskeun jeung gaya nyarita anu alus.

Guru salaku pendidik diperedih pikeun ngagunakeun kaparigelanna dina nepikeun bahan matéri pangajaran. Ku cara leuwih narik ati sangkan motivasi diajar siswa ngaronjat. Salasahiji tarékahna nyaéta ku cara ngagunakeun média pangajaran.

Unsur basa jeung unsur eusi diadumaniskeun sangkan ngahasilkeun karangan anu sistematis. Dina hakékatna, guru diperlukeun kaparigelan pikeun ngaronjatkeun motivasi siswa nalika diajar nulis. Kondisi pangajaran nulis di sakola kawilang kurang. Ku kituna, kudu ayana stimulus sangkan siswa resep nulis. Média pangajaran bisa dianggap stimulus sangkan pangajaran nulis bisa leuwih ngaronjatkeun motivasi siswa kana diajar nulis.

Média pangajaran téh loba wandana di antarana aya média citak, média *visual*, média *audio-visual*, média *berbasis komputer*, jeung média gabungan. Pikeun ngungkulan masalah kurangna kamampuh siswa dina nulis biografi singget, panalungtik nerapkeun hiji média *audio-visual* nyaéta média *movie maker*. Média sorangan asalna tina basa Latin *médius* anu hartina ‘tengah’, ‘perantara’, atawa ‘panganteur’. Média *movie maker* nyaéta média *audio-visual* anu nyoko kana éfék *visual*. Fungsina pikeun ngolah data digital kana cuplikan-cuplikan pilem, upamana nambahan animasi, éfék *visual* atawa rédaksi singget anu dipatalikeun jeung pilem anu rék diatur.

Panalungtikan skripsi séjén anu nalungtik ngeunaan média *movie maker* jeung nulis biografi singget di antarana:

- 1) Purnama, F. (2012) “Éféktivitas Média *Movie Maker* dina Pangajaran Nulis Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX-E SMP Negeri 1 Manonjaya)” sasaruanna nyaéta ngagunakeun média *movie maker*, ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, sedengkeun bédana dina pangajaran nulis warta anu dijadikeun panalungtikan.
- 2) Wafa, S.F. (2013) “Éféktivitas Média *Movie Maker* dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang Taun Ajaran 2012/2013)” saruana dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun média *movie maker*, jeung ngagunakeun métode studi kuasi ékspérimén, sedengkeun bédana nyaéta dina pangajaran nulis karangan éksposisi.
- 3) Nurbudi, R.S. (2013) “Stratégi Modeling Berbasis Teks (SMBT) Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Biografi Singget (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-B SMPN 19 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)” dina ieu panalungtikan saruana nyaéta dina pangajaran nulis biografi singget jeung studi kuasi ékspérimén anu digunakeun, sedengkeun bédana ieu panalungtikan ngagunakeun Stratégi Modeling Berbasis Teks (SMBT).

Panalungtikan ngeunaan digunakeunna média *movie maker* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi singget ka siswa kelas VII-C SMPN 45 Bandung, tepi ka danget ieu can aya nu nalungtik.

Ku kituna, ieu panalungtikan anu dijudulan Média *Movie Maker* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Biografi Singget (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-C SMPN 45 Bandung Taun Ajaran 2013/2014), perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Masalah dina pangajaran nulis téh kawilang kompléks. Sabada diwatesanan, panalungtikan ieu ngan nalungtik ngeunaan pangajaran nulis anu dilaksanakeun ku guru di sakola masih konvensional, anapon ngagunakeun média masih basajan, jeung kurangna kamampuh siswa dina nulis biografi singget. Sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanana, panalungtikan ieu diwatesanan ngeunaan kurangna kamampuh siswa dina nulis biografi singget, tur guru masih ngagunakeun modél jeung média pangajaran anu basajan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII-C SMPN 45 Bandung saméméh ngagunakeun média *movie maker*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII-C SMPN 45 Bandung sabada ngagunakeun média *movie maker*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan dina nulis biografi singget siswa kelas VII-C SMPN 45 Bandung antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta hayang ngadéskripsikeun naha ieu média *movie maker* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa anu signifikan, dina nulis biografi singget ka siswa kelas VII-C SMPN 45 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Salian ti tujuan umum di luhur, aya ogé sababaraha tujuan husus dina ieu panalungtikan sangkan puguh tujuanna, ieu di handap dijéntrékeun tujuan husus ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII-C SMPN 45 Bandung saméméh ngagunakeun média *movie maker*;
- 2) kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII-C SMPN 45 Bandung sabada ngagunakeun média *movie maker*; jeung
- 3) signifikan henteuna kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII-C SMPN 45 Bandung antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Panalungtikan Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun:

- 1) méré motivasi jeung pangaweruh ngeunaan nulis biografi singget ngaliwatan média *movie maker*;
- 2) ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan tarékah ngaronjatkeun kamampuh dina nulis biografi singget; jeung
- 3) méré tatapan ka panalungtik séjén anu baris nalungtik ngeunaan nulis biografi singget.

1.4.2 Mangpaat Panalungtikan Praktis

Ieu panalungtikan mibanda sababaraha mangpaat praktis, di antarana:

- 1) mangpaat pikeun panulis nyaéta sangkan bisa ngaronjatkeun dina ngarancang sarta ngalaksanakeun pangajaran di kelas ngaliwatan média anu inovatif jeung ngirut siswa saperti média *movie maker* dina medar matéri pangajaran;
- 2) mangpaat pikeun guru dipiharep sangkan ngaronjatkeun jeung ngajembarkeun pangaweruh, tur kamampuh dina nangtukeun média pangajaran anu saluyu jeung kaayaan di lapangan, sarta méré motivasi pikeun

pangajaran basa Sunda anu leuwih inovatif sangkan bisa ngirut siswa pikeun diajar;

- 3) mangpaat siswa pikeun ngaronjatkeun motivasi jeung kamampuh siswa nalika diajar basa Sunda ngaliwatan média *movie maker* nu bisa ngirut ati sangkan leuwih ngaronjatkeun deui hasil diajar séwang-séwangan;
- 4) mangpaat pikeun dunya atikan nyaéta dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa jeung sastra Sunda tuluy dipiharep dunya atikan dina pangajaran Sunda bisa leuwih narik ati sangkan siswa bisa kairut; jeung
- 5) mangpaat pikeun nu maca nyaéta dipiharep bisa ngabeungharan wawasan jeung pangaweruh, hususna ngeunaan mangpaat média *movie maker* dina pangajaran nulis biografi, ogé bisa méré pangaweruh kumaha carana ngagunakeun média *movie maker*.

1.5 Raraga Tulisan

Eusi dina ieu skripsi téh aya lima bab. Dina Bab I ngawengku: kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga panulisan skripsi. Dina Bab II ngawengku: ulikan tiori anu medar média *movie maker*; kamampuh nulis biografi singget, tuluy aya raraga mikir jeung hipotésis panalungtikan. Dina Bab III ngawengku: lokasi jeung sumber data, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data jeung analisis data. Dina Bab IV ngawengku: hasil panalungtikan jeung uji hipotésis Dina Bab V ngawengku kacindekan jeung saran kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.